

Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KA KE OU TE RATE LI: EDITORYAL GOUVÈNÈ CUOMO AK ANDY COHEN
NAN BUZZFEED NEWS: NEW YORK TOUJOU GEN LWA KI DISKRIMINE KONT
MOUN LGBTQ YO. AN NOU METE FEN NAN YO JODI A.**

"Kò Lejislatif lan gen sèt jou ki rete nan sesyon ane sa a. Yo pa dwe kite Albany san yo pa korije de move bagay sa yo. Legalizasyon matènite sibstitisyon jestasyonèl ak entèdiksyon defans 'panik moun ki omoseksyèl ak sa ki transeksyèl yo' pral voye yon mesaj klè bay kominote LGBTQ a ak bay tout moun New York yo pou di ke nou pa pral satisfè ak anyen ki mwens pase egalite total nan kad lwa a."

Buzzfeed News te pibliye yon editoryal ki te ekri pa Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Andy Cohen pou mande Kò Lejislatif la legalize matènite sibstitisyon jestasyonèl epi entèdi defans "panik moun ki omoseksyèl ak sa ki transeksyèl yo" anvan sesyon lejislatif la fini nan sèt jou.

Tèks editoryal sa a disponib anba la a, epi ou kapab jwenn li sou entènèt [la a](#).

Eta New York se yon lidè nasyonal nan batay pou dwa moun LGBTQ yo. Nou te adopte premye gwo Eta ki te adopte egalite maryaj. Nou te adopte Lwa Kont Diskriminasyon nan Ekspresyon Seksyèl (Gender Expression Nondiscrimination Act) - oswa GENDA - pou pwoteje moun ki transeksyèl ak sa ki pa konfòm a sèks yo kont diskriminasyon. Nou te lanse yon pwogram pwogresis pou mete fen nan epidemi SIDA a. Epi chak jou nou ap batay kont gè san limit administrasyon Trump lan ap fè kont moun ki transeksyèl ak sa ki pa konfòm a sèks yo.

Men Eta New York gen lwa ki diskriminatwa - e franchman yo menm repinyan - ki nan liv nou yo epi ki antrave libète kominote LGBTQ yo. Nou dwe ranje yo kounye a.

Premyèman, New York se youn nan sèl twa Eta kote matènite sibstitisyon jestasyonèl yo ilegal. Wi sa ou sot li a se sa. Aktyèlman, anpil moun te choke lè yo te aprann sa - menm jan Andy te ye li menm tou lè li te fèk kòmanse fè rechèch sou matènite sibstitisyon an. Li pa esansyèl pou yon aksyon jenewozite pi konsa ilegal nan New York an 2019.

Si yon koup omoseksyèl oswa yon koup ki gen pwoblèm fètilite vle kreye yon fanmi ak asistans yon manman pitit sibstitisyon jestasyonèl, yo dwe vwayaje deyò Eta a epi fè fas a lwa yon lòt Eta ak souvan mwens sistèm swen sante. Sa gen yon gwo konsekans pou sila yo ki ap pouswiv matènite sibstitisyon - sou plan legal, finansye ak lòt ankò - epi li se yon baryè pou kreyasyon fanmi ki pa reprezante valè nou yo.

Te genyen kèk defi ke Andy te fè fas a yo lè li te deside gen yon pitit apati matènite sibstitisyon, ki te sèl opsyon ki disponib pou li pou li ka gen pwòp pitit byolojik li.

New York te voye yon mesaj fò sou enpòtans fanmi yo genyen - epi jan ke yo vini nan divès koulè, fòm ak gwosè - lè nou te adopte egalite maryaj la pandan premye ane administrasyon Gouvènè Cuomo a. Men lè nou entèdi matènite sibstitisyon jestasyonèl, nou ap di kominote LGBTQ a ak sila yo ki gen pwoblèm fètilite yo ke: ou pa ka gen yon pitit nan pwòp eta ou a.

An 2019, pèsòn pa ta dwe pèdi lajwa pou elve yon pitit - pa nan yon epòk kote medsin modèn yo ap akonpli nouvo mirak yo chak jou, epi lè nou te rive jwenn yon gwo konsansis pou di ke sèl kondisyon preyalab pou kreye yon fanmi se lanmou.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Cuomo te siyen pou vin lwa Lwa Sou Sante Repwodiktif lan (Reproductive Health Act), ki di ke fanm yo ta dwe gen kontwòl pwòp kò yo. Dokiman lwa sou matènite sibstitisyon an ap asire ke yon maman pitit sibstitisyon jestasyonèl - fanm ki vle pote yon pitit nan mond sa a pou lòt moun yo - gen pi gwo pwoteksyon yo nan peyi a. Li ap asire ke yo gen aksè a konseye legal, swen legal ki adekwat ansanm ak lòt pwoteksyon ki krisyal yo.

Lè yo pratike li an sekirite, ak etik, epi yon fason legal, matènite sibstitisyon yo pote lespwa. Li pote libète pou kreye yon fanmi epi eksperimante lajwa patènite. Li ap pèmèt asire ke nenpòt nan nou ka konble youn nan neseseite moun ki pi bazik yo—transfere sajès, istwa ak kilti nou bay yon nouvel jenerasyon.

Dezyèmman, epi mwen pi repiyan ankò, nan Eta New York yon moun ke yo akize pou yon krim vyolan kont yon moun LGBTQ kapab itilize pwòp omofobi oswa transfobi yo kòm yon defans legal lejitim.

Li rele defans "panik moun ki omoseksyèl ak sa ki transeksyèl yo". Li repinyan, epi nou dwe entèdi li.

Te gen twòp istwa òrib sou sa ki te rive moun ki omoseksyèl, ki transeksyèl ak sa ki pa konfòm a sèks yo ke yo te agrese oswa atake senpleman akòz moun ke yo ye. Anba defans "panik moun ki omoseksyèl ak sa ki transeksyèl yo", asayan yo kapab fè apèl pou jwenn santans ki redwi nan sal tribinal la lè yo mete blam nan sou do oryantasyon seksyèl oswa idante seksyèl aktyèl oswa prezime yon viktim.

Egzanp ki pi malerezman selèb lan te lanmò Matthew Shepard, yon etidyan inivèsite ki te gen laj 21 an nan Wyoming ke de gason te bat jiskaske li mouri nan ane 1998. Gason sa yo te eseye itilize defans "panik moun ki omoseksyèl yo" kòm eskiz pou aksyon yo.

Defans sa a se yon manèv legal ki toksik epi ki pa gen plas li nan sistèm jidisyè nou an. Li ofansif anvè moun LGBTQ ki tout kote yo epi li voye yon mesaj ki danjere pou di ke krim rayisab kont moun New York ki omoseksyèl ak sa ki transeksyèl yo—oswa nenpòt lòt moun dayè—yo an kèlke sòt BON. Yo pa bon.

Asosiyasyon Bawo Ameriken an (American Bar Association, ABA) te apwouve nan fason anonim yon rezolisyon an 2013 ki mande pou eta yo elimine defans panik moun

ki omoseksyèl ak sa ki transeksyèl yo atravè pwojè lwa. Sa te fèt sis ane de sa. New York te rete tann twò lontan; kominote LGBTQ a te rete tann twò lontan.

Twa eta yo te deja entèdi defans panik moun ki omoseksyèl ak sa ki transeksyèl yo. New York dwe se pwochen eta a. Nou konnen ke yon fwa ke New York aji, lòt eta yo pral swiv egzanp nou.

Kò Lejislatif lan gen sèt jou ki rete nan sesyon ane sa a. Yo pa dwe kite Albany san yo pa korije de move bagay sa yo. Legalizasyon matènite sibstitisyon jestasyonèl ak entèdiksyon defans "panik moun ki omoseksyèl ak sa ki transeksyèl yo" pral voye yon mesaj klè bay kominote LGBTQ a ak bay tout moun New York yo pou di ke nou pa pral satisfè ak anyen ki mwens pase egalite total nan kad lwa a.

Andy Cohen se gayan prim Emmy ki se Animatè ak Pwodiktè Egzekitif Watch What Happens Live sou Bravo. Gouvènè Andrew Cuomo se Gouvènè New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)